POU PREVNI MALADI LAWOUJÒL

AVAN EPI APRE VWAYAJ

Lawoujòl se yon maladi ki kapab danjere anpil, sitou pou ti bebe epi timoun pitit. Lè ka lawoujòl yo grav, sa kapab genyen kòm konsekans ospitalizasyon epi menm lanmò.

Ka lawoujòl toujou kouran nan anpil kote sou latè. Nenpòt moun ki pa resevwa tout vaksen kont lawoujòl epi ki vwayaje nan peyi etranje oubyen nan kote ki genyen gwo ogmantasyon nan kantite ka lawoujòl riske pran maladi sa a.



Ou kapab pwoteje tèt ou epi pitit ou kont lawoujòl avèk vaksen kont lawoujòl, malmouton, ribeyòl (MMR).

Kisa pou fè AVAN
vwayaj entènasyonal

1. **Pale avèk doktè, enfimyè, oswa klinik** ou pou kapab veye pou tout moun pwoteje kont lawoujòl.
2. **Pran vaksen an minimòm 2 semèn avan ou pati.**
   - Ti bebe ki gen laj 6 jiska 11 mwa dwe resevwa yon dòz vaksen MMR lan.
   - Se pou tout moun ki gen laj 12 mwa epi plis (avèk ladan yo granmoun adilt) resevwa 2 dòz total avan yo vwayaje.
     - Si ou pa resevwa vaksen avan sa, pran 1ye dòz lan touswit. Ou kapab pran 2yèm dòz lan 28 jou apre premye an.
     - Si ou te deja resevwa 1 dòz avan sa, pran 2yèm dòz lan avan ou vwayaje.
3. **Menm si dat vwayaj ou se nan mwens pase 2 semèn, ou kapab kanmenm pran 1 dòz vaksen MMR lan.**

Si ou gen plan pou vwayaje nan yon zòn Etazini kote genyen anpil ka lawoujòl, pale avèk doktè, enfimyè oswa klinik ou pou kapab veye pou tout moun pwoteje kont lawoujòl.

Kisa pou fè APRÈ
vwayaj entènasyonal oubyen vwayaj nan yon kote ki genyen anpil ka lawoujòl

1. **Veye pou sentòm lawoujòl pandan 3 semèn** apre ou fin retounen. **Maladi lawoujòl lan kontajye** anpil epi li kapab pwopaje pami lòt moun fasilman.
2. **Telefone doktè oswa klinik lan TOUSWIT si:**
   - Ou panse oumenm oswa pitit ou te ekspoze avèk maladi lawoujòl.
   - Si oumenm oswa pitit ou tonbe malad avèk bouton grate epi lafyèv. Di doktè ou ki kote ou te ale nan vwayaj ou, epi si oumenm avèk pitit ou te pran vaksen MMR lan.
3. **Si oumenm oswa pitit ou malad avèk bouton grate epi lafyèv, rete lakay** ou jistan ou pale avèk yon doktè oswa yon klinik.

JWENN PLIS ENFÒMASYON